

Le mariage imprudent

Le thème de la métamorphose mais transposé ici au féminin. Très parallèle à celui de l'entêtée. C'est le même problème du mariage avec un inconnu. La fille que l'on va choisir sur un marché, on ne sait d'où elle vient ; sa famille et sa réputation, on a dessus aucun renseignement. D'où les risques de mal tomber. Même et surtout si l'on est roi, car noblesse oblige a plus de prudence encore.

Le roi sera ici humilié, et par un Maure ; le Maure a toujours le rôle du traître, de l'espion, du marginal, dans les contes sénégalais. Etre humilié par quelqu'un que déjà l'on méprisait, est un châtiment bien cruel.

Ce n'est pas le caprice ici qui est puni, mais l'étourderie, impardonnable chez un prince, qui doit plus que tout autre avoir le sens des responsabilités (du mariage dépend sa progéniture, et l'avenir de sa dynastie !) et avoir le souci de sa dignité.

Chez les Wolof le ridicule tue comme chez les Peul et Toucouleur. Or le roi s'est mis dans une situation où le Maure peut l'insulter "votre femme est un oiseau !", tandis que sa royale menace "je te ferai fusiller" reste totalement inefficace.

Son autorité sera ruinée désormais ; car ce genre de mésaventure ne peut rester secret, les maures ayant en plus la réputation de n'être point discrets.

En arrière plan, les pièges d'une nature interprétable avec la grille de l'animisme.

Sëy bu woóruul -

Transcription en Wolof -

- Lééboón
- Lippóón
- Amoon na fi
- Daana Am
- Ba mu amee yaa fekee ?
- Yaa wax ma dégg
- Waxi tey matu la dégg
- Sa yosa ci raw
- waaye dégg-dégg motula xeeb
- waawaaw ndé wolof Njaay day yokk waaye du sos
- Lu mu wax am na daliil

Dafa amoon ay jàng yu barée bari, ñoo fi newoon dem cib marse, ku begg jabar na daldi dikk, Nit ñi daldi dikk, ku nekk jël jabaram, buur daldi dikk daldi jël jabaram.

Ca suba sa ñoom itam ñu daldi né dañuy dem ca àlba, ñu teela togg seeni reer, ndaxte nit ñaa ngiy mbóolu, dañuy mbóoluj. Ja-bari buur itam war na ànd ag ñoom, ñu daldi cay dem né ko : "yow doo dem"?

Mu né : "aa ! mandé sama jëkkër dafma mooñloo tay jii, té dama koy mooñal, damay togg ba pare. Bu subaa dinaa dem." ñoom itam ñu daldi né ko : koon dé ñoo ngi dem, bu suba nga dem." Sa suba Sa mu daldi raxas njaqam ba mu set mu daldi tanq ndox daldi de dem ba ca àll ba, daldi taxaw, ^{summéeeku.ba.set} daldi né :

- Njabba cuuti ! njabba cuutee maccuuta mbelangal !

Su ma xamoon né dugub ñor na, maccuuta mbalangal !

Duma sèy ag baay Buur Njaay, maccuuta mbelangal !" (I)

Naar ba di koy xool rekk, moom gisu ko,

Mu daldi dem def taati neen, soppeeku am picc, di lakk, di lakk, ba mu yàgg mu daldi dem soppeeku, sol mbubbam, daldi yanu njaqam daldi ñibbi.

.../...

Naar ba yit daldi cay topp, daldi dem, né Buur :

"Yow mii déy sa jabar am picc la"

Mu né ko : "yow dangay fen, tey jii, dinaa la fetal, dinaa la jàplu -

Mu né ko "Man dé fenuma te boo ko weddee, suba ñowal ñu ànd".

Ca suba sa ñu xěyaat dem, summiku ba set, daldi né :

Su ma xamoon ni dugub ñor na, maccunta mbelangal !

duma sèy ag baay Buur Njaay, maccuuta mbelangal

daldi dem ba ca gattax ga, mu daldi yéegati, daldi nekk picc, daldi yéég ca kow daldi né (même chant (I))

Daldi taxaw di lekk, di lekk, di lekk Buur a nga ca ñag ba rekk woo Naar ba. Ba mu yàgg Naar ba né ko : "yow mii dèy sa jabar baa ngi néé gis nga ko picc la".

Nu bàyyi ba ñu dem ca kër ga moom itam mu ñibbisi sumbug mooñam di mooñ.

Buur daldi né "(même chant (I))"

Mu né ko : "ay nijaay bàyyil woy woowu ! Te ma may la loo bëgg, sama jaaray woor yeeg sama yépp dinna la ko may"

Mu né ko : "man woy wu ñu may maye ay jaaray woor ag yépp duma ko bàyyi" - daldi né (même chant (I))"

Mu daldi né yuréét tànki picc

"(même chant (I))"

Mu daldi génné yépp, yěfu picc yépp.

Mu dem nag wutuw yèt doon ko bëgg dóór, far mu naaw wacc ko fa.

(I) Njaba cuuti ! njaba cuutee macuuta mbelangal ! reste une formule incantatoire intraduisible.